

Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN PARAD TELE-ESKRIPTE A POU SELEBRE EKIP FOUTBÒL FEMININ AMERIKÈN KI CHANPYÒN MOND LAN, GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA SOU EKITE SALARYAL POU KONBLE DIFERANS SALARYAL KI BAZE SOU SÈKS MOUN YO**

*Gouvènè Cuomo: "Pa gen okenn bagay rasyonèl pou ki fanm yo pa ta dwe jwenn peman ke gason yo ap jwenn yo. Sa yo se jwè foubòl feminin yo, yo jwe menm jwèt ak jwè foubòl maskilen yo, e yo jwe li pi byen - kidonk si gen rasyonnalite ekonomik, yo ta dwe peye gason yo mwens pase fanm yo".*

*Li Mande Asosiyasyon Foubòl Ameriken an Pou Yo Peye Ekip Nasyonal Feminin nan Menm Salè ak Ekip Nasyonal Maskilin lan*

*Pwojè Lwa a Mande Patwon Travay yo Ofri Peman Egal Ego pou Travay Ki Similè yon Nivo Konsiderab yo; Enstitisyonnalize yon Entèdiksyon pou Antesedan Salaryal yo*

*Li Akonpli Pwomès pou Adopte Konpozan Kle nan Kalandriye Jistis pou Fanm yo an 2019*

Gouvènè Cuomo te siyen pou vin lwa jodi a pwojè lwa ki ap elaji lwa sou peman egal ego yo pou entèdi peman ki pa egal ego yo sou baz yon klas ki pwoteje pou tout travay ki similè yon nivo konsiderab yo (S5248B/A8093A), epi li entèdi patwon travay yo poze anplwaye pwospektif yo kesyon sou antesedan salaryal yo (S6549/A5308B). Gouvènè Cuomo te mante tou pou asosiyasyon Foubòl Ameriken an (U.S. Soccer) peye ekip nasyonal feminin nan menm salè ak ekip nasyonal maskilin lan. Gouvènè a te siyen mezi yo, ki se yon konpozan kle nan Kalandriye Jistis pou Fanm yo an 2019, nan parad tele-eskripte an ki ap selebre Ekip Foubòl Feminin Ameriken lan ki se chanpyòn mond lan. Mezi sa yo ap ajoute sou mezi ki gen bon sans ke Gouvènè a te defann ane sa a, ki gen ladan boukliye pwoteksyon kont vyòl pou viktim trafik seksyèl yo, aktyalize lwa sou asèlman seksyèl nan espas travay yo epi finanse yon pwogram inivèsite kominotè ki pral ede manman selibatè yo soti nan povrete.

"Pa gen okenn bagay rasyonèl pou ki fanm yo pa ta dwe jwenn peman ke gason yo ap jwenn yo. Sa yo se jwè foubòl feminin yo, yo jwe menm jwèt ak jwè foubòl maskilen yo, e yo jwe li pi byen - kidonk si gen rasyonnalite ekonomik, yo ta dwe peye gason yo mwens pase fanm yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York pral kontinye pran devan an solidarite ak fanm yo ak fi yo ki nan chak kwen nan eta sa a. Nan siyen pwojè lwa sa a, nou ap non sèlman fè sa ki kòrèk la, men tou nou ap fè bagay moral la epi peman egal ego pou travay egal ego ap vin kounye a tounen lwa nan Eta New York."

"Pakèt fanm mete kè ak nanm yo nan travay yo chak jou, epi nan fen jounen an yo toujou touche mwens pase gason yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Menm si New York gen pami pi piti nan diferans salaryal baze sou sèks moun yo nan nasyon an, diferans lan toujou egziste. Sa inakseptab. Ekip Foutbòl Feminin Amerikèn nan te pote vikwa lakay yo, epi rann nasyon nou an fyè. Vikwa yo an atire anpil atansyon sou reyalite malonèt ki montre ke asosiyasyon Foutbòl Amerikèn an pa peye ekip feminin nan menm salè ak ekip maskilin lan. Nou te fè pwogrè pou asire dwa ak pwoteksyon fanm yo, men nou pa pral repoze jiskaske fanm yo vin gen egalite total kapital."

Pwojè lwa ke yo te siyen jodi a entèdi tout patwon travay, piblik ak prive yo, ki gen biznis nan Eta New York yo, poze anplwaye pwospektif yo kesyon sou konpansasyon ak antesedan salaryal yo, epi li elaji definisyon "peman egal ego pou travay egal ego a." Mezi sa yo ap ajoute sou de [dekrè egzekitif](#) ke Gouvènè a te siyen ane pase pou elimine diferans salaryal yo nan entèdi antite leta yo evalye kandida baze sou antesedan salaryal yo epi egzije antrepriz leta yo divilge enfòmasyon sou sèks, ras ak etnisite anplwaye yo - ki ap byen itilize lajan kontribiyab yo pou favorize transparans epi pwopoze ekite salaryal atravè eta a.

An 2017, Gouvènè Cuomo te mande Depatman Travay la (Department of Labor) pou yo pibliye yon rapò sou inegalite salaryal pami fanm ak gason nan New York yo, epi pou yo ofri rekòmandasyon pou kase kokennchèn salè enjis, inegal la. Aprè yo te òganize odyans sou egalite salaryal toupatou atravè eta a, Depatman Travay la te pibliye [rapò](#) li a prentan ki sot pase a. Pou l'aji imedyatman sou rekòmandasyon sa yo, Gouvènè Cuomo te entwodui yon pwogram pwojè lwa pou agrandi dekrè egzekitif li yo lè li enstitye yon entèdiksyon nan zafè antesedan salè a ki entèdi tout anplwayè, piblik ak prive, k ap antreprann biznis nan New York, mande anplwaye potansyèl yo bay istwa salè ak avantaj salaryal yo te konn touche avan yo.

**Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare,** "Pandan ke nou ap onore Ekip Foutbòl Nasyonal Feminin Amerikèn lan poutèt vikwa li nan Koup Mond lan, nou ap sonje ke chanpyon sa yo pa touche menm valè ak Ekip Maskilin Amerikèn lan, malgre yo ranpòte de fwa konsekitif chanpyona Koup Mond lan. Diferans salaryal la nan New York li evidan tou ak fanm Blanch yo ki ap touche 89 santim pou chak dola ke gason yo touche, yon diferans ki menm pi grav pami fanm nwa yo, ak fanm Nwa yo ki ap touche 63 santim ak fanm Latin yo ki ap touche 54 santim pou chak dola. Dokiman lwa ke yo te siyen jodi a pou vin lwa yo pral korije erè sa a nan pwoteje anplwaye yo kont diskriminasyon salaryal epi mete fen nan pratik demann antesedan salaryal yo. Nou fyè pou nou pran devan nan batay pou peman egal ego pou travay egal ego pou konstwi yon New York ki pi djanm epi ki pi ekitab".

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare,** "Majorite Asanble a angaje nan mete fanmi yo an premye, epi nou konnen sa vle di asire salè ekitab pou chak moun New York ki ap travay di. Se poutèt sa nou te batay pandan plizyè ane pou adopte pwojè lwa pou pwoteje moun New York kont pratik san eskripil yo ki ap redwi salè yo epi asire ke fanm ak tout klas pwoteje yo jwenn peman ki jis pou travay yo. Dokiman lwa sa yo abòde koz krisyal inegalite salaryal ki ap kontinye yo epi yo enpòtan anpil pou ranfòse lwa aktyèl yo konsènan egalite salaryal. Li plis ke lè pou ke yo vin lwa tèren an nan New York".

**Senatris Alessandra Biaggi te deklare,** "Soti depi nan tèren foutbòl pou rive nan sal konsèy yo, Ameriken ki nan tout sektè travay yo ap leve kanpe pou dwa yo pou jwenn konpansasyon egal ego, epi jodi a New York ap reponn a apèl sa a. Chak moun New York merite peman egal ego kèlkeswa ras, oryantasyon seksyèl, andikap, oswa nenpòt jan ke yo chwazi idantifye tèt yo. Dokiman lwa mwen an ap sèvi pou abòde pwoblèm sistemik diskriminasyon salaryal ki ap afekte kominote ki majinalize yo nan elaji lwa sou peman egal ego yo pou entèdi diskriminasyon salaryal ki baze sou nenpòt kondisyon klas pwoteje yo. Mwen remèsye Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Gouvènè Andrew M. Cuomo poutèt sipò inebranlab yo sou pwoblèm sa a - sa se premye pa pou rive konble diferans salaryal omniprezan an nan Eta New York, epi solidifye prensip opòtinite egal ego pou tout moun devan lalwa."

**Senatè David Carlucci te deklare,** "Fanm yo pa ta dwe ap touche 80 santim oswa mwens ke sa pou chak dola ke yo peye yon gason pou menm travay la. Premye pa nan konble diferans salaryal la se mete fen nan kesyon sou antesedan salaryal yo pou ke ti salè ba yo pa kontinye rete pou fi yo pandan karyè yo. Mèsi a tout fanm ki te leve kanpe pou peman egal ego ak pou Gouvènè a poutèt li te pran mezi pou konble diferans salaryal ki baze sou sèks moun yo".

**Manm Asanble a Marcos Crespo, ki se Prezidan Komite Travay Asanble a (Assembly Committee on Labor), te deklare,** "Pandan plizyè ane mwen te sipòte pwojè lwa pou mete fen nan pratik pou mande antesedan salaryal pliske li sèvi sèlman pou pa peye anplwaye yo ase, epi kontinye ak inegalite salaryal yo kont fanm ak moun nwa yo. Mwen rekonesan dèske ak Lidèchip Gouvènè Cuomo, Oratè Heastie ak Lidè Stewart-Cousins, nou te fè 'Ekite Salaryal' vin yon priyorite epi yon lòt fwa ankò vin yon lidè pwogresis nan akonpli chanjman konsiderab ak salè ekitab yo pou sila yo ki pandan twò lontan yo te refize bay yo opòtinite egal ego".

**Manm Asanble a Karen McMahon te deklare,** "Malgre lwa sou diskriminasyon nan travay aktyèl yo, inegalite salaryal baze sou sèks moun yo ak lòt klas ki pwoteje yo toujou rete yon pwoblèm nan New York. Ekspansyon sa pou Lwa sou Peman Egal Ego a (Equal Pay Act) ap pwoteje klas travayè yo, entèdi diskriminasyon salaryal pou travay ki similè yon nivo konsiderab yo, epi sa pral fè yon diferans nan lavi moun yo. Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo, Oratè Carl Heastie, ak kòlèg mwen yo ki nan Asanble a poutèt travay di yo sou pwoblèm sa a ak dokiman lwa istorik sa a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)